

Sa Ou Dwe Konnen konsènan Kansè nan Tete

NYC
HEALTH+
HOSPITALS



Viv byen, viv an bòn sante.

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Rele pou w pran yon randevou
1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)




RETE KONEKTE. SWIV NOU.

nychealthandhospitals.org

Haitian Creole 05/25

Kansè nan tete se dezyèm kalite kansè ki pi komen kay fanm yo. Bon nouvel la sèke anpil fanm ki gen kansè nan tete ka kontinye viv si yo te dekouvri ak trete li byen bonè.



Kisa yon mamografi ye?

Yon mamografi se meyè egzamen pou detekte kansè nan tete bonè. Se yon seri foto radyografi tete a ki pèmèt doktè yo chèche siy byen bonè pou kansè nan tete.

Mamografi yo trè fyab. Sa pran apeprè 20 minit pou fè yon mamografi, epi li ka sove lavi w. Pifò plan asirans sante kouvri egzamen an. Epiou NYC Health + Hospitals ofri w mamografi bon mache oswa gratis.

Kilè m ta dwe fè yon mamografi?

Fanm ki gen 40 a 74 lane ta dwe fè yon mamografi chak dezan.


Fanm ki poko gen 40 lane oswa ki gen plis pase 74 lane ta dwe pale ak doktè yo epi deside si pou yo fè yon mamografi.

Ki kèk siy kansè nan tete?

Gen kèk fanm ki gen siy ak sentòm kansè nan tete. Gen lòt fanm ki pa gen okenn siy. Sentòm yo ka gen ladan yo:



- + Yon nouvo boul nan tete oswa anba zesèl
- + Yon pati nan tete a vin di oswa anfle
- + Dilatasyon po tete a




- + Po nan zòn pwent tete a oswa po tete a wouj oubyen ap fè kal
- + Yon pwent tete ki vire oswa ki anfonse
- + Doulè nan tete a

Pale ak doktè w la si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo.

Kisa mwen ka fè pou diminye chans pou mwen gen kansè nan tete?

Si w mennen yon vi ki ansante depi byen bonè, sa ka ede diminye chans pou ou gen kansè nan tete:

SIVEYE PWA W




MANDE DOKTÈ W ENFÒMASYON SOU RISK KI GEN NAN PRAN TRETMAN RANPLASMAN ÒMÒN OSWA GRENN PLANIN

FÈ EGZÈSIS REGILYÈMAN



LIMITE EKSPOZISYON W ANBA REYON NAN EGZAMEN IMAJRI MEDIKAL YO TANKOU RADYOGRAFI, ESKANÈ CT, AK ESKANÈ PET

KITE FIMEN



LIMITE KONSOMASYON ALKÒL OU, PA BWÈ PLIS PASE YON VÈ PA JOU



BAY PITIT OU TETE



Sonje byen – yo ka trete kansè nan tete yo dekouvri byen bonè yo. Pale ak ekip swen sante w la jodi a menm konsènan sante tete w.